




ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



DISTANS SOSYAL

Asire omwen 6 pye separasyon ant moun yo

Afekte travayè yo nan zòn travay ki deziyen endividyèlman; ogmante espas fizik ant travayè yo; vire orè travay yo

Vire lè poz ak manje, règleman kantite moun maksimòm nan yonsèl kote epi asire omwen yon distans fizik 6 pye

Egzije itilizasyon kouvri figi pou tout travayè yo, sof lè sa ka pa ansekirite akòz kondisyon medikal oswa andikap

Patisyon fizik rekòmande kote distans fizik difisil (egzanp., kesye) e li ta dwe piwo pase yon travayè ki kanpe

Rekòmande pi bon pratik

Amelyore vantilasyon pou espas ki fèmen yo kote sa posib (egzanp., ouvè pòt ak fenèt)



IJYÈN PWOTOKÒL

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou chantye a, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòd sifizaman tan poz pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl

Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)

Egzije netwayaj ak sanitasyon regilye kote yo manyen anpil yo tankou biwo, manch pòt, ak twalèt yo

Afiche siy vizib nan tout chantye a pou fè travayè yo sonje pwotokòl ijyèn ak sekirite



PÈSONÈL & OPERASYON

Bay fòmasyon pou travayè yo sou estanda sekirite nan lave machin, enfòmasyon ak prekosyon ajou sou sekirite sa ki gen ladan mezi ijyèn ak lòt mezi ki vize nan redwi transmisyon maladi

Limite sèvis lave machin nan sifas deyò veyikil la

Kliyan yo ta dwe aliye nan veyikil yo nan etablisman otomatik pou lave machin yo

Kliyan yo ta dwe rete nan veyikil yo pandan tout pwosesis lave machin nan

Ajiste lè ak orè travay nan plas travay la (si wap travay an-pèson, tire pati ekip travay yo avèk diferan orè oswa chanjman lè yo antre/soti) pou diminye kontak pami travayè yo ak redwi konjesyon nan pwen dantre yo

Kenbe yon jounal travayè ak kliyan pou pran anchaj swivi kontak yo (non, dat, lè, enfòmasyon kontak)

Travayè yo dwe rete lakay yo si yo santi yo malad

Si yo enfòm anplwayè a sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè yo ta dwe enfòm Komisyon Sante Lokal la (LBOH) kote plas travay la lokalize epi travay yo avèk yo pou retrase posib kontak nan plas travay la epi mande travayè yo pou izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka rekòman tès sou lòt travayè yo ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH

Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante ak mezi sekirite enpòtan jan li dekri nan direktiv gouvènman an

Rekòmande pi bon pratik

Travayè yo ki patikilyèman vilnerab nan COVID-19 dapre Sant pou Kontwòl Maladi (egzanp., akòz laj oswa lòt kondisyon sante) yo ankouraje w pou rete lakay ou

Si anplwayè a okouran de yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè a ap enfòm Komisyon Biwo Lokal Sante a (LBOH) Yo ankouraje travayè a pou idantifye sentòm yo oswa nenpòt kontak pwòch nan yon ka koni oswa sispèk COVID-19 bay anplwayè yo

Ankouraje travayè ki teste pozitif pou COVID-19 pou divilge bay anplwayè a nan biwo a pou rezon netwayaj /dezenfekte ak retrase kontak

Ankouraje metòd peman ki san kontak



NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan sou chantye a (omwen chak jou ak pi souvan si posib)

Kenbe jounal netwayaj la ki gen ladan dat, lè, ak nivo netwayaj la

Dezenfekte souvan zòn ki gen anpil transpò yo ansanm avèk sifas yo manyen anpil yo (egz., manch pòt, twalèt)

Nan sitiasyon yon ka pozitif, fèmen chantye a pou yon netwayaj ak sanitasyon apwofondi nan plas travay la avèk gid CDC